


Zvisikwa Zvomudzimu—Zvazvinoita Kwatiri (Chikamu 1)

Nyaya iyi inobva muchitsauko 10 chebhuku rinozvi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* uye riripowo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ona kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



CHII CHINONZI NGIROZI?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Vamwe vangati kudii?

Ko iwe unoti kudii?

Nei uchidaro?

2

TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Ngirozi zvisikwa zvingaoneki nemaziso, zvine simba, zvakangwara uye zvinogona kufara kana kurwadziwa.
(Verenga ndima 1-5 dzechitsauko 10 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei?*)

Verenga Jobho 38:4-7, Pisarema 103:20, uye Ruka 15:10.

Mavhesi aya anoratidza sei kuti ngirozi dzine simba, dzakangwara, uye dzinogona kufara kana kurwadziwa?

Verenga Dhanieri 6:22 uye Mabasa 12:6-11.

Ngirozi dzakatendeka dzakabatsira sei vanhu vaMwari kare?



Ngirozi dzinofara kunyange kana munhu mumwe chete akadzoka kuna Jehovha.—Ruka 15:10

Pane dzimwe ngirozi dzisina kutendeka.

(Verenga ndima 6-8 dzechitsauko 10 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei*?)

Verenga Zvakazarurwa 12:9.

Tichitarisa zvataurwa nevhesi iyi, Satani Dhiyabhorosi ndiye oga here akapanduka?

Verenga Genesisi 6:2.

Madhimoni akapandukira Mwari sei?

Verenga Pisarema 34:7.

Ngirozi dzakaipa dzinoda kutikanganisa pakunamata, asi Mwari anoshandisa ngirozi dzake dzakanaka kuti dzitidzivirire. Izvi zvinoita kuti unzwe sei?

3

TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Hakuna chinhu chinonzi ngirozi.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ndozvinogona kufungwa nevakawanda. Asi ini handifungi kuti ndizvo nokuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwise nyaya yacho?

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Handisati ndamboona ngirozi, saka handifungi kuti dzine zvadzinoita muupenyu hwangu.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI . . .

Ichokwadi kuti kare ngirozi dzaimbochinja miviri yadzo kuti dzionekwe nevanhu, asi iye zvino hazvichaitiki. Asi ndinoti dzine zvadzinoita muupenyu hwedu nokuti . . .

Ungamuverengera vhesi ipi?

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwise nyaya yacho?
